

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan 1) kasang tukang panalungtikan, 2) idéntifikasi jeung rumusan masalah, 3) tujuan panalungtikan, 4) mangpaat panalungtikan, jeung 5) struktur organisasi skripsi.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kawih Sunda mangrupa salah sahiji pangajaran anu diajarkeun di sababaraha tingkatan pendidikan, salah sahijina di kelas VIII SMP/MTs. Kawih Sunda penting diajarkeun pikeun ngamumulé kasenian Sunda dina widang seni sora ku sabab kiwari para nonoman Sunda geus teu mikawanoh kana rumpaka kawih, judul kawih, sarta ngahaleungkeunana. Ieu hal téh ku sabab kiwari nonoman Sunda geus kakeunaan ku dampak tina pangaruh téhnologi, ku kituna budaya luar bisa sangenahna bébas mangaruhan saha baé kaasup jadi heureutna pangaweruh jeung kamampuh dina maham jeung ngahaleuangkeun kawih Sunda.

Ku ayana pangajaran kawih Sunda di sakola, dipiharep siswa bisa wanoh kana rumpaka tur bisa ngahaleuangkeun kalawan maké aturan. Saluyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Mulok Mata Pelajaran Bahasa Sunda Berbasis kurikulum 2013 revisi 2017 jenjang SMP/MTs (2017 kc. 26), siswa kudu bisa ngomunikasikeun rumpaka kawih jeung ngahaleuangkeun kawih kalawan niténan éksprési jeung téhnik vokal. Kaayaan anu nyampak di SMP Negeri 7 Bandung sanggeus ngalakukeun wawancara jeung guru basa Sunda yén saenyana réa anu miboga kaonjoyan atawa bakat dina ngahaleuang tapi lain dina wanda ngahaleuangkeun kawih Sunda, tapi ngahaleuangkeun lagu-lagu kabéhdieunakeun nu leuwih modéren kayaning *pop*, *rock*, *jazz*, *dangdut* jeung sajabana.

Pangajaran basa Sunda kudu miboga inovasi anu hadé sangkan tujuan dina pangajaran téh kahontal. Pikeun ngahontal tujuan pangajaran anu éféktif, guru kudu miboga kaparigelan anu hadé sangkan bisa nepikeun matéri ka siswa. Ku kituna diperlukeun métode pangajaran anu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maham eusi matéri kawih Sunda. Nurutkeun Sudjana (2005, kc. 76), métode mangrupa rencana pikeun midangkeun matéri pangajaran basa, euweuh bagian anu

patukangtonggong, jeung dumasar kana hiji pamarekan. Pamarekan anu miboga sipat aksiomatis nyaéta pamarekan anu geus jelas bebeneranana, sedengkeun métode miboga sipat prosedural nyaéta pamarekan ku ngalarapkeun léngkah-léngkah. Métode miboga sipat prosedural nyaéta larapna dina pangajaran téh dilakonan ngaliwatan léngkah-léngkah anu geus diatur jeung sacara *bertahap* anu dimimitian ku nyusun rencana pangajaran, midangkeun pangajaran, prosés ngajar jeung diajar, sarta évaluasi hasil diajar.

Dina prungna pangajaran kawih Sunda di SMP Negeri 7 Bandung téh nyaéta ku cara guru méré conto ka siswa dina ngahaleuangkeun kawih Sunda. Ieu cara téh teu éféktif ku sabab guru kudu méré conto ka siswa téh sababaraha kali dina sapadalisian, anu antukna kudu boga waktu anu lila sangkan siswa bisa maham jeung bisa ngahaleuangkeun kawih Sunda. Waktu anu kawatesanan tur sakabéh siswa kudu dipeunteun dina kamampuhna ngahaleuangkeun kawih jadi tinimbangan dina ieu panalungtikan. Saregepna siswa dina pangajaran kawih Sunda ogé masih kénéh héngkér, teu antusias ku sabab héséna siswa dina ngahaleuangkeun hiji kawih Sunda. Ku kituna kudu dilarapkeun métode anu ngarajong kana ngaronjatna pangabisa siswa dina maham rumpaka jeung ngahaleuangkeun kawih Sunda. Métode tilu léngkah bisa jadi métode anu bisa ngungkulan bangbaluh guru dina meunteun kamampuh siswa maham jeung ngahaleuangkeun kawih Sunda.

Métode tilu léngkah nyaéta métode alternatif anu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maham jeung ngahaleuangkeun rumpaka kawih Sunda. Métode tilu léngkah anu léngkahna nyaéta galindeng maca, galindeng nutur, jeung galindeng bisa, tilu léngkah éta jadi konci dina larapna ieu métode. Galindeng maca nyaéta métode anu dilakukeun ku siswa sangkan maca heula téks nepika bener-bener paham; Galindeng nutur nyaéta ilubiungna siswa pikeun nuturkeun lagu anu disetél ngaliwatan CD (*compact disc*) atawa audio MP3 dumasar téks anu geus dibaca tur dipikapaham; sarta Galindeng bisa nyaéta hal anu mangrupa udagan sarta harepan ahir sangkan siswa bisa ngahaleuangkeun kawih, sarta bisa maham sacara kognitif, apektif, jeung mampuh ngalarapkeun dina tataran psikomotor.

Ari Syahrul Budiansyah, 2020

MÉTODE TILU LÉNGKAH DINA PANGAJARAN KAWIH SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.up.edu

Mindradini (2012, kc. 12) nétélakeun yén métode ngahaleuang nyaéta hiji pamarekan pangajaran anu dilarapkeun sangkan barudak gumbira jeung guligah, anu diarahkeun kana hiji kaayaan psikis pikeun ngawangun jiwa anu bungah, guligah niténan kaayaan, ngamekarkeun rasa ngaliwatan ngahaleuang nyaéta ébréhan kecap jeung nada anu disusun nepi ka jadi hiji lagu, sarta ritmik anu ngaéndahkeun kaayaan diajar. Métode tilu léngkah dipiharep bisa dilarapkeun sangkan guru bisa meunteun sakabéh siswa di kelas dina pangajaran kawih Sunda, jeung méré bongbolong dina ngaéfektifkeun waktu anu kawatesanan.

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilakukeun Hendrayana (2017) nu judulna “*Metode Tilu Léngkah: Mengajar Bahasa Sunda dengan Materi Kawih Asuh Barudak*”, anu hasilna yén métode tilu léngkah bakal jadi pola pangajaran anu ideal ku ilubiungna gawé guru museur kana konséntrasi siswa. Ku kituna deukeutna antara siswa jeung guru sacara psikologis bakal kawangun, lamun kawangun antukna moral pikeun ngawangun karakter bangsa téh bakal babari dimuncukeun.

Panalungtikan saméméhna anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta skripsi meunang Nadia (2019) anu judulna “*Modél Explicit Intruction dina Pangajaran Kawih (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019)*” anu hasilna yén modél *explicit instruction* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas XI-KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung dina ngawih klasik jeung modéren.

Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta dina cara nu dipaké antara modél *Explicit Intruction* jeung métode tilu léngkah, sarta tingkatan sakola anu dipilih antara pangajaran kawih di SMA jeung pangajaran kawih Sunda di SMP.

Dumasar kana guaran di luhur, perlu ayana panalungtikan ngeunaan Métode Tilu Léngkah dina Pangajaran Kawih Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajara 2019/2020).

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nya éta:

- a. Kurangna kaparigelan siswa ngeunaan éksprési jeung téhnik vokal dina pangajaran kawih Sunda, jeung
- b. Méthode tilu léngkah bisa dimangpaatkeun pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina pangajaran kawih Sunda

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh pangajaran kawih Sunda di kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2019/2020 saméméh maké méthode tilu léngkah ?
- b. Kumaha kamampuh pangajaran kawih Sunda di kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2019/2020 sanggeus maké méthode tilu léngkah?
- c. Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh pangajaran kawih saméméh jeung sanggeus maké méthode tilu léngkah ?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngungkulan pasualan dina pangajaran kawih Sunda kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2019/2020.

1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan :

- a. Kamampuh ngahaleuangkeun kawih Sunda siswa kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung saméméh maké méthode tilu léngkah;

Ari Syahrul Budiansyah, 2020

MÉTODE TILU LÉNGKAH DINA PANGAJARAN KAWIH SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Kamampuh ngahaleuangkeun kawih Sunda siswa kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung sanggeus maké métode tilu léngkah; jeung
- c. Béda anu signifikan antara kamampuh ngahaleuangkeun kawih Sunda siswa kelas VIII-C SMP Negeri 7 Bandung saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan métodologi pangajaran basa jeung sastra Sunda hususna dina pangajaran kawih Sunda, sarta bisa dijadikeun bahan rujukan pikeun panalungtikan anu séjén.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat saperti ieu di handap.

- a. Pikeun siswa, ngaronjatkeun kamampuh dina ngahaleuangkeun kawih Sunda luyu jeung kompéténsi dasar kurikulum.
- b. Pikeun guru, dijadikeun alternatif pikeun prosés pangajaran di kelas sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngahaleuangkeun kawih Sunda.
- c. Pikeun panalungtik, bisa mikanyaho babandingan kamampuh siswa dina kagiatan ngawih saméméh jeung sanggeus maké métode tilu léngkah.

1.6 Raraga Tulisan

Ieu hasil panalungtikan baris dipidangkeun dina wangun skripsi anu disusun jadi lima bab, anu sistematikana saperti ieu di handap.

Bab I bubuka, ngawengku idéntifikasi masalah, kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tina segi tioritis jeung mangpaat praktis, ogé dina ieu bab midangkeun raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka, ngawengku konsép-konsép, tiori-tiori, dalil-dalil, hukum-hukum, métode-métode, jeung rumus-rumus anu patali jeung masalah

panalungtikan. Lian ti éta, dimuat ogé panalungtikan saméméhna anu saluyu jeung widang anu ditalungtik, raraga mikir jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, partisipan, populasi jeung sampel, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, ngawengku dua hal nyaéta hasil ngolah jeung nganalisis data anu luyu jeung rumusan masalah, ogé medar ngeunaan timuan panalungtikan pikeun ngajawab rumusan masalah.

Bab V kacindekan, implikasi, jeung saran, anu ngawengku tafsiran jeung prosés méré ma'na panalungtik ngeunaan hasil analisis.

